# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мектеплери питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери бойынша «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын асырыў хаққында

Тәлим-тәрбия сестемасын жетилистириў ҳәм тәлим сыпатын асырыў бойынша Өзбекстан Республикcы Халық билимлендириў министрилиги басшыларының аймақларға сапары даўамында жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери төмен болған мектеплер жумыслары үйренилип, улыўма орта билим бериў мектеплеринде жоқары оқыў орынларына кириў нәтийжелери толық анализ етилмегенлиги, ең әҳмийетлиси, усы оқыў жылы питкериўшилерин жоқары оқыў орынларына таярлаў бойынша системалы жумыслар әмелге асырылмай атырғанлығы қатаң сынға алынған.

Сонлықтан, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен улыўма билим бериў мектеплери питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў нәтийжелерин анализ еткен ҳалда мектеплер шәртли түрде 3 түрли категорияға ажыратылған.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери бойынша «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын жетилистириў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери бойынша «Қызыл мектеплер» дизими 1-қосымшаға, қызыл категориядағы мектеплерди сары категорияға алып шығыў бойынша ис-иләжлар 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. **Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Методикалық хызмет бөлими (А.Еримбетов), Республикалық оқыў методикалық орайы (Қ.Жубанов)на:**

«Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын асырыў ҳәм методикалық жәрдем көрсетиў бойынша жуўапкерлер бекитиў;

«Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеп басшылары, педагог кадрлар ҳаққында мағлыўматлар топлап, ҳәр бир педагог хызметкердиң

қәнигелик дәрежесин анализ етиў ҳәм қәнигелигин асырыў курсларына оқыўға жибериўге усыныслар бериўди шөлкемлестириў;

«Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим сыпатын асырыў мақсетинде бирге ислесиўди жолға қойыў ушын мектепте ҳәрекет етип турған «Бақлаў кеңеси» ағзалары менен бирликте қоспа мәжилислер өткериўди шөлкемлестириў;

жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлерин жақсылаў бойынша район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары, мектеп директорлары, оқыў ислери бойынша директор орынбасарлары, класс басшылары ҳәмде 10-11-класларда сабақ беретуғын пән оқытыўшыларының жуўапкершилигин белгилеў;

«Жасыл мектеплер» қатарындағы мектеплердиң тәжирийбелерин басқа мектеплерге ен жайдырыў арқалы «Қызыл мектеплер»ди «Сары мектеплер»ге, «Сары мектеплер» қатарындағы мектеплерди «Жасыл мектеплер» қатарына өткериў ушын «Жасыл мектеплер» де жумыс ислейтуғын тәжирийбели муғаллимлер тәрепинен мастер класс сабақларын шөлкемлестириў;

жоқары оқыў орынларына бирде-бир питкериўшиси кире алмаған мектеплердиң жоқары билимлендириў мәкемелери менен өз-ара бирге ислесиўин жолға қойыў, олар тәрепинен бекитилген профессор-оқытыўшылардың орынларға барып тийкарғы пән муғаллимлери ушын мастер класс сабақларын шөлкемлестириў, мектеп питкериўшилерин жоқары билимлендириўге таярлаў бойынша бирге ислесиўди жолға қойыў;

мектеп питкериўшилериниң қызығыўшылықларына қарап вариатив оқыў реже тийкарында таңланған класлар шөлкемлестириў ҳәмде усы класларда таңланған пәнлерден жоқары категориялы муғаллимлердиң сабақ өтиўин жолға қойыў;

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының Қарақалпақстан Республикасындағы аймақлық бөлими менен бирликте питкериўши класлардан Мәмлекетлик тест орайының тест базасы тийкарында таярлық тестлери алынып, мониторинг етип барыў, ҳәмде олардың билим дәрежесине қарай жоқары оқыў орынларына бағдарлаў бойынша жумысларды шөлкемлестириў иләжларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

**3. Барлық район (қала) лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:**

«Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын асырыў ҳәм методикалық жәрдем көрсетиў бойынша район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлеринен жуўапкерлерди буйрық тийкарында бекитиў;

район(қала) лық халық билимлендириў бөлимлери тәрепинен бекитилген жуўапкерлердиң «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеп басшылары, педагог кадрлар ҳаққында мағлыўматларды топлап, ҳәр бир педагог хызметкердиң қәнигелик дәрежесин анализ етиў ҳәм қәнигелигин асырыў курсларына оқыўға жибериўге усынысл ар бериўин шөлкемлестириў;

«Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим сыпатын асырыў мақсетинде бирге ислесиўди жолға қойыў ушын мектепте ҳәрекет етип турған «Бақлаў кеңеси» ағзалары менен бирге ликте реже тийкарында қоспа мәжилислер өткериўди шөлкемлестириў;

жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлерин жақсылаў бойынша мектеп директорлары, оқыў ислери бойынша директор орынбасарлары, класс басшылары ҳәмде 10-11-класларда сабақ беретуғын пән оқытыўшыларының жуўапкершилигин белгилеў;

«Жасыл мектеплер» қатарындағы мектеплердиң тәжирийбелерин басқа мектеплерге ен жайдырыў арқалы «Қызыл мектеплер»ди «Сары мектеплер»ге, «Сары мектеплер» қатарындағы мектеплерди «Жасыл мектеплер» қатарына өткериў ушын «Жасыл мектеплер» де жумыс ислейтуғын тәжирийбели муғаллимлер тәрепинен мастер класс сабақларын шөлкемлестириў;

жоқары оқыў орынларына бирде-бир питкериўшиси кире алмаған мектеплердиң жоқары билимлендириў мәкемелери менен өз-ара бирге ислесиўин жолға қойыў, мектеплерге бириктирилген профессор-оқытыўшылардың тийисли мектеплерге барып тийкарғы пән муғаллимлери ушын мастер класс сабақларын шөлкемлестириўи, мектеп питкериўшилерин жоқары билимлендириўге таярлаў бойынша бирге ислесиўди жолға қойыў;

мектеп питкериўшилериниң қызығыўшылықларына қарап вариатив оқыў реже тийкарында таңланған класлар шөлкемлестириў ҳәмде усы класларда таңланған пәнлерден жоқары категориялы муғаллимлердиң сабақ өтиўин жолға қойыў;

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының Қарақалпақстан Республикасындағы аймақлық бөлими менен бирге ликте питкериўши класлардан Мәмлекетлик тест орайының тест базасы тийкарында таярлық тестлери алынып, мониторинг етип барыў, ҳәмде олардың билим дәрежесине қарай жоқары оқыў орынларына бағдарлаў бойынша жумысларды шөлкемлестириў иләжларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.
2021-жыл "22"–январь
"21"–санлы

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министриниң
2021-жыл 22 -январьдағы 21 -санлы
буйрығына 2-қосымша

## 2020-жылы Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги системасындағы улыўма орта билим бериў мектеплери питкеришилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери бойынша «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын асырыў бойынша

## ИС-ИЛӘЖЛАР РЕЖЕСИ

| № | Исленетуғын жумыслар | Әмелге асырыў механизми | Мүддети | Жуўапкер |
|---|---|---|---|---|
| 1 | «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим-тәрбия сыпатын асырыў ҳәм методикалық жәрдем көрсетиў бойынша жуўапкерлер бекитиў | Район (қала) лық халық билимлендириў бөлимлерине қараслы «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплердеги тәлим- тәрбия сыпатын асырыў ҳәм методикалық жәрдем көрсетиў бойынша исши топар қурамы ислеп шығылып, министрлик басшылары тәрепинен тастыйықланады. | 2021-жыл 28-январь | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, А.Еримбетов |
| 2 | «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеп басшылары, педагог кадрлар ҳаққында мағлыўматлар топлап, ҳәр бир педагог хызметкердиң қәнигелик дәрежесин анализ етиў ҳәм қәнигелигин асырыў курсларына оқыўға жибериўге усыныслар бериў | «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеп басшылары лаўазымға қашан таярланғанлығы, педагог кадрларының категория дәрежелери, педагог кадрлардың сабақ өтиў көнликпелери анықланады. | 2021-жыл 5-февраль | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, А.Еримбетов Исши топар ағзалары |
| 3 | Исши топар ағзалары тәрепинен «Қызыл мектеплер» дизимине киритилген мектеплерде тәлим сыпатын асырыў мақсетинде бирге islесиўди жолға қойыў ушын ҳәрекет етип турған мектептиң «Бақлаў кеңеси» ағзалары менен биргеликте қоспа мәжилислер өткериўди шөлкемлестириў | Исши топар ағзалары тәрепинен «Қызыл мектеплер» дизимине кириўиниң себеплери талқыланады, бул жағдайларды қандай еткенде сапластырыў ҳәм алдағы ўақытларда болдырмаў мүмкинлиги ҳаққында мектептиң «Бақлаў кеңеси» ағзалары менен биргеликте сәўбетлесиўлер өткериледи ҳәм методикалық жәрдемлер бериліўи жолға қойылады. | 2021-жыл февраль-март айлары | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, А.Еримбетов Исши топар ағзалары |
| 4 | Жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлерин жақсылаў бойынша район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары, мектеп директорлары, оқыў ислери бойынша директор орынбасарлары, класс басшылары ҳәмде | Мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлерин жақсылаў бойынша район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары, мектеп директорлары, оқыў ислери бойынша директор орынбасарлары, класс басшылары ҳәмде 10-11- | 2021-жыл февраль айы | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, А.Еримбетов |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | 10-11-класларда сабақ беретуғын пән оқытыўшыларының жуўапкершилигин белгилеў. | класларда сабақ беретуғын пән оқытыўшылары жуўапкершилик пенен қаралса «Қызыл мектеплер» дизиминен шығады. | | |
| **5** | Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине қараслы «Жасыл мектеплер» қатарындағы мектеплердиң тәжирийбелерин басқа мектеплерге ен жайдырыў арқалы «Қызыл мектеплер»ди «Сары мектеплер»ге, «Сары мектеплер» қатарындағы мектеплерди «Жасыл мектеплер» қатарына өткериў ушын «Жасыл мектеплер» де жумыс ислейтуғын тәжирийбели муғаллимлер тәрепинен мастер класс сабақларын шөлкемлестириў | «Қызыл мектеплер»ди «Сары мектеплер»ге, «Сары мектеплер» қатарындағы мектеплерди «Жасыл мектеплер» қатарына өткериў ушын «Жасыл мектеплер» де жумыс ислейтуғын тәжирийбели муғаллимлер тәрепинен мастер класс сабақларын шөлкемлестириледи ҳәм мастер класларда тәлим алған педагоглар өз гезегинде мектеплерде сыпатлы тәлим бериўди жолға қояды | 2021-жыл январь-февраль-март айлары | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, А.Еримбетов |
| **6** | Жоқары оқыў орынларына бирде-бир питкериўшилери кире алмаған мектеплердиң жоқары билимлендириў мәкемелери менен өз-ара бирге ислесиўин жолға қойыў, олар тәрепинен бекитилген профессор-оқытыўшылардың орынларға барып тийкарғы пән муғаллимлери ушын мастер класс сабақларын шөлкемлестириў, мектеп питкериўшилерин жоқары билимлендириўге таярлаў бойынша бирге ислесиўди жолға қойыў. | Жоқары билимлендириў мекемелери тәрепинен бириктирилген профессор-оқытыўшылар орынларға барып тийкарғы пән муғаллимлери ушын мастер класс сабақларын шөлкемлестиреди ҳәм мектеп питкериўшилерин жоқары билимлендириўге таярлаў бойынша бирге ислесиў жолға қойылады | 2021-жыл февраль-март айлары | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов, |
| **7** | Мектеп питкериўшилериниң қызығыўшылықларына қарап вариатив оқыў реже тийкарында таңланған класлар шөлкемлестириў ҳәмде усы класларда таңланған пәнлерден жоқары категориялы муғаллимлердиң сабақ өтиўин жолға қойыў. | Мектеп питкериўшилериниң қызығыўшылықларына қарап вариатив оқыў реже тийкарында таңланған класлар шөлкемлестириледи. Усы класларға таңланған пәнлерге жоқары категориялы муғаллимлердиң сабақ өтиўи жолға қойылады. | 2021-жыл февраль айы | М.Асеметдинов, Қ.Жубанов |
| **8** | Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының Қарақалпақстан Республикасындағы аймақлық бөлими менен биргеликте питкериўши класлардан Мәмлекетлик тест орайының тест базасы тийкарында таярлық тестлери алынып, мониторинг етип барыў, ҳәмде олардың билим дәрежесине қарай жоқары оқыў орынларына бағдарлаў. | Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының Қарақалпақстан Республикасындағы аймақлық бөлими менен биргеликте питкериўши класлардан Мәмлекетлик тест орайының тест базасы тийкарында таярлық тестлери алынып мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлериниң жақсыланыўына жәрдем болады. | 2021-жыл январь-февраль-март айлары | М.Асеметдинов, Исши топар ағзалары |

Қорақалпоғистон Республикаси
Халқ таълими вазирининг 2021 йил
22 январдаги 21-сонли буйруғига 1-илова

## Қорақалпоғистон Республикадаги умумий ўрта таълим мактаблари битирувчиларининг олий таълим муассасаларига кириш кўрсаткичлари тўрисида маълумот

| | Туман (шаҳар) номи | Битирувчиси мавжуд бўлган мактаблар сони | Шундан | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Яшил худуд | % | Сариқ худуд | % | Қизил худуд | % |
| 1 | Нукус шаҳар | 50 | 10 | 20% | 34 | 68% | 6 | 12% |
| 2 | Қораўзак тумани | 33 | 9 | 27% | 21 | 64% | 3 | 9% |
| 3 | Нукус тумани | 31 | 6 | 19% | 19 | 61% | 6 | 19% |
| 4 | Қўнғирот тумани | 46 | 5 | 11% | 26 | 57% | 15 | 33% |
| 5 | Қонликўл тумани | 23 | 5 | 22% | 13 | 57% | 5 | 22% |
| 6 | Кегайли тумани | 38 | 4 | 11% | 21 | 55% | 13 | 34% |
| 7 | Чимбой тумани | 46 | 3 | 7% | 24 | 52% | 19 | 41% |
| 8 | Бўзатов тумани | 15 | 1 | 7% | 9 | 60% | 5 | 33% |
| 9 | Шуманай тумани | 25 | 2 | 8% | 11 | 44% | 12 | 48% |
| 10 | Хўжайли тумани | 42 | | 0% | 21 | 50% | 21 | 50% |
| 11 | Элликқалъа тумани | 71 | 4 | 6% | 26 | 37% | 41 | 58% |
| 12 | Мўйноқ тумани | 16 | 1 | 6% | 9 | 56% | 6 | 38% |
| 13 | Амударё тумани | 77 | 3 | 4% | 30 | 39% | 44 | 57% |
| 14 | Тўрткўл тумани | 63 | 2 | 3% | 28 | 44% | 33 | 52% |
| 15 | Тахиатош тумани | 22 | | 0% | 11 | 50% | 11 | 50% |
| 16 | Тахтакўпир тумани | 22 | | 0% | 12 | 55% | 10 | 45% |
| 17 | Беруний тумани | 71 | 1 | 1% | 15 | 21% | 55 | 77% |
| | **Республика бўйича** | **691** | **56** | **8%** | **330** | **48%** | **305** | **44%** |